

Nim. 202.86

## DEKRÈ EGZEKITIF

### **Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order, EO 202) pou deklare yon eta ijans akòz katastwòf pou tout Eta New York; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon eta ijans akòz katastwòf nan Eta a, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, oswa pou bay nenpòt direktiv ki nesèsè pou reponn a katastwòf la, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa modifye tanporèman sa ki annapre yo, apati dat Dekrè Egzekitif sa a rive nan dat 27 janvye 2021:

- Seksyon 6502, 6524, 6905, 6906 ak 6910 nan lwa sou edikasyon an (education law) ak Pati 59.8 nan Tit 8 nan Kòd, Règ ak Règleman New York yo (New York Codes, Rules and Regulations, NYCRR) nan mezi sa nesèsè pou otorize doktè, enfimiyè pwofesyonèl otorize, enfimiyè oksilyè, ak enfimiyè pratisyen ki pran retrèt yo epi ki gen pèmi pou pratike e ki an règ kounye a nan Eta New York, men ki pa anrejistre nan Eta New York kounye a, pou yo re-anrejistre pase pa yon fòmilè anrejistreman otomatik akselere eta a elabore, epi pou fè gras de tout frè anrejistreman pou peryòd anrejistreman pou twazan an pou moun sa yo k ap anrejistre a;
- Seksyon 12 nan Lwa sou Sante Piblik la (Public Health Law) modifye avèk dokiman sa a nan objektif otorize Depatman an pou li aplike sanksyon sivil ki etabli nan Dekrè Egzekitif sa a;

**AN PLIS DE SA**, konfòmman ak otorite lalwa ban mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 27 janvye 2021:

- Pou garanti Eta a gen enfòmasyon konplè ak kòrèk sou kiyès k ap resevwa kantite vaksen limite Eta a genyen kounye a, epi pou gide efò Eta a ap fè yo pou konprann rejyon ak kominote k ap resevwa vaksen an, pwofesyonèl medikal yo dwe egziye pou tout moun k ap resevwa vaksen an pou yo bay enfòmasyon, sa gen ladan pami lòt bagay atestasyon yo fè pati yon gwoup priyorite an patikilye Depatman Sante a (Department of Health) detèmine li kalifye pou vaksen an, sou yon fòmilè Depatman Sante a pral detèmine. Tout pwofesyonèl medikal otorize ki bay yon moun ki pa sètifye li fè pati yon gwoup priyorite vaksen, oswa ki konnen yon lòt jan moun nan pa fè pati gwoup priyorite a, gen dwa sibi sanksyon sivil rive jiska yon milyon dola pa dòz li bay ak/oswa revokasyon tout pèmi eta a ba li.

- Malgre tout dispozisyon lalwa, oswa rezolisyon paralèl toude chanm lejislatif yo ki di lekonntrè, Kontwolè a pa gen dwa ogmante to salè a pou ankenn moun k ap sèvi nan wòl Manm Komisyon, ki gen salè li Lwa Egzekitif la etabli, ni pou ankenn moun ki gen fonksyon eli pou tout eta a, epi ki sipoze jwenn ogmantasyon nan dat 1ye janvye 2021.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan venntuityèm jou mwa

desanm nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a